



SNAP

Food for Florida
Florida Department of Children & Families

Kisa D-SNAP ye?

Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè pou Katastwòf (D-SNAP) bay asistans alimantè pou moun ak fanmi ki afekte pa siklòn nan epi ki pa resevwa avantaj èd alimantè atravè Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (SNAP) regilye a.

An patenarya ak Depatman Agrikilti Ameriken an, Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid (DCF) mete sou pye D-SNAP.

- Yo pral mete sou pye D-SNAP pa etap selon konte a.
- Tout aplikan yo dwe enskri davans.
- Pou akselere sèvis ak fanmi ki elijib yo, DCF ap ofri entèvyou telefòn atravè Sant Apèl D-SNAP la.
- Epitou DCF pral òganize evènman D-SNAP an pèsòn pou rezidan ki pa ka patisipe nan telefòn yo.

Kimoun ki elijib?

Pou kalifye pou avantaj D-SNAP yo:

- Kandida yo PA dwe ap resevwa avantaj regilye SNAP yo
- Kandida yo dwe t ap viv oswa travay nan yon konte yo te deklare katastwòf nan moman Siklòn Idalia
- Kandida yo dwe sibi yon pèt ki lye ak katastwòf la tankou:
 - Domaj nan kay (yo) oswa pwopriyete travay endepandan yo
 - Pèt manje
 - Rediksyon oswa pèt nan revni
 - Lòt depans ki gen rapò ak katastwòf la
- Kandida yo dwe satisfè kondisyon elijiblite finansye yo

Kijan mwen ka aplike?

Enskri davans
sou Entènèt
EPI

Entèvyou Telefòn

*Senp, pa gen okenn vizit sou plas obligatwa

← **OSWA** →

Entèvyou sou plas

*Dat ak lè yo varye selon kote a

*Pou wè orè konte a ak tout detay yo, vizite:

[MyFLFamilies.com/DSNAP](https://www.myflfamilies.com/dsnap)

